



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN OKAZYON JOUNEN NASYONAL PREMYE ENTÈVENAN YO, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU LÒT INISYATIV POU BYENNÈT PREMYE ENTÈVENAN YO

Inisyativ yo enkli yon gid pwogram byennèt pou premye entèvenan yo, yon videyo sou sante mantal premye entèvenan yo, ak yon nouvo paj entènèt sou byennèt premye entèvenan yo

Li baze sou efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou elaji sèvis sipò pou premye entèvenan yo

Nan Jounen Nasyonal Premye Entèvenan yo, Gouvènè Kathy Hochul te mete aksan sou plizyè nouvo inisyativ pou sipòte efò kontinyèl Eta a pou amelyore sante mantal ak byennèt premye entèvenan yo. Nouvo resous ki disponib yo enkli yon [Gid Pwogram Byennèt pou Premye Entèvenan yo](#), ki se yon zouti enfòmatif pou ede ajans sekirite piblik eta ak lokal yo elabore oswa amelyore pwogram byennèt pou premye entèvenan yo; yon [videyo](#) ki mete aksan sou bezwen inik konsènan sante mantal premye entèvenan yo; epi lansman yon nouvo [sit entènèt](#) ki dedye a sante mantal ak byennèt premye entèvenan yo. Piblikasyon nouvo resous sa yo baze sou efò Gouvènè Hochul pou elaji sèvis sipò pou premye entèvenan yo, apre premye [Evalyasyon Bezwen Konsènan Sante Mantal Premye Entèvenan](#) nan Eta a te montre plis pase mwaye moun k ap travay nan domèn sekirite piblik ap fè fas ak nivo estrès ki wo, gwo fatig pwofesyonèl, ak difikilte konsènan sante mantal.

"Premye entèvenan ijans nou yo toujou la pou Nouyòk yo nan moman ki pi enpòtan, epi yo pote chay moman ki pi difisil nou yo menm apre trajedi a pase," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen angaje m pou m garanti premye entèvenan yo p ap poukont yo pou fè fas ak difikilte sa yo. Avèk nouvo resous ki fèt espesyalman pou ranfòse pwogram byennèt ak tretman sante mantal, nou ap sipòte moun ki toujou la pou nou – moun ki dedye lavi yo pou pwoteje kominote Nouyòk yo."

Gid [Entwodiksyon nan Pwogram Byennèt Premye Entèvenan yo](#) dekri konsiderasyon prensipal ak pi bon pratik yo, epi li te elabore ak kontribisyon Ajan ak Kowòdonatè Byennèt nan tout eta a. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te pibliye tou yon [videyo](#) ki mete aksan sou bezwen ak difikilte inik premye entèvenan yo ap fè fas nan domèn sante mantal, tankou

ekspeze ak chòk, estigmatizasyon, ak lòt obstak ki anpeche yo chèche tretman. Videyo a fèt pou sansibilize, epi li te elabore atravè yon kolaborasyon kontinyèl ant DHSES ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta Nouyòk pou sipòte kreyasyon yon fòmasyon sou konpetans kiltirèl pou pwofesyonèl nan domèn sante mantal. Fòmasyon sa a ap pibliye pi ta ane sa a.

Videyo a, ansanm ak gid entwodiksyon an ak lòt materyèl yo, ap disponib nan yon nouvo seksyon sou [sit entènèt](#) DHSES ki dedye a sante mantal ak byennèt premye entèvenan yo. Paj entènèt sa a pral sèvi kòm yon lòt resous pou ajans eta ak lokal yo, li pral bay lyen ki mennen nan resous itil, tankou Evalyasyon Bezwen Konsènan Sante Mantal Premye Entèvenan yo ke Enstiti Sante Mantal nan Ka Katastwòf (Institute for Disaster Mental Health) ak Benjamin Center nan SUNY New Paltz te fè pou DHSES.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Premye entèvenan yo fè fas ak sitiyanasyon trajik chak jou, e li esansyèl pou yo gen aksè ak sipò ki nesèsè pou pwoteje sante mantal yo. Nouvo seri resous sa a bay ajans sekirite piblik yo zouti yo bezwen pou kòmanse elabore pwogram byennèt ki efikas, konsa nou ka pran swen premye entèvenan nou yo menm jan yo pran swen nou."

Etid yo montre estrès ak chòk kimilatif yo kouran nan pwofesyon pèsònèl ki gen inifòm yo, epi yo mete moun sa yo nan [pi gwo risk swisid](#). Pou pi byen konprann difikilte ki gen rapò ak sante mantal moun k ap travay nan domèn sekirite piblik yo ap fè fas ak yo, DHSES te fè patenarya ak Enstiti pou Sante Mantal nan Ka Katastwòf nan SUNY New Paltz pou konplete yon [ankèt sou evalyasyon bezwen premye entèvenan yo](#) sou plis pase 6,000 moun nan fòs de lòd la, sèvis medikal ijans, sèvis ponpye, kominikasyon ijans ak jesyon ijans nan chak rejyon.

Evalyasyon an te montre plis pase mwatye nan patisipan yo fè eksperyans nivo estrès ki wo, gwo fatig pwofesyonèl, enkyetid ak depresyon ki gen rapò ak travay yo, epi ke yo ka pa chèche èd akòz laperèz pou yo fè fas ak estigmatizasyon. 16 pousan nan premye entèvenan yo te rapòte panse swisid — yon nivo kat fwa pi wo pase popilasyon jeneral la nan eta a.

Menm jan an tou, veteran Nouyòk yo mouri nan swisid nan yon to ki prèske de fwa pi wo pase sivil yo — yon to ki te rete relativman san chanjman depi 2012. Veteran ki poko gen 55 an toujou fè eksperyans pi gwo pousantaj swisid nan Nouyòk.

Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) nan Eta Nouyòk, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Li esansyèl pou nou sipòte moun ki sèvi kominote nou yo epi ki pwoteje nou. Pèsònèl nou ki an inifòm ak veteran yo souvan afekte ak estrès ak chòk yo akimile pandan travay yo. Resous sa yo pral ede ankouraje sante mantal yo, bati rezistans, epi anpeche gwo fatig pwofesyonèl."

Direktè Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf nan SUNY New Paltz, Doktè Robin Jacobowitz, te deklare, "Nouvo inisyativ DHSES yo transfòme done nan Evalyasyon Bezwen Konsènan Sante Mantal Premye Entèvenan yo an aksyon konkrè lè yo bay konsèy sou fason pou elabore pwogram byennèt, epi mete an valè bezwen

inik konsènan sante mantal premye entèvenan yo. Enstiti pou Sante Mantal nan Ka Katastwòf nan SUNY New Paltz rekonesan pou patenarya li avèk DHSES nan fè pwogrese Evalyasyon Bezwen Konsènan Sante Mantal Premye Entèvenan yo, epi sipòte travay nou an."

Anplis efò DHSES yo, OMH ap dirije plizyè inisyativ pou sipòte sante mantal premye entèvenan yo. Pwogram [CARES UP](#) la mete aksan sou amelyore sante mantal ak byennèt pèsònèl an inifòm yo ak veteran yo lè li bay finansman ak lòt resous pou ede ajans sekirite piblik yo devlope efò byennèt yo.

Nan kòmansman mwa sa a, OMH te òganize yon [konferans ki dire de jou](#) ki te konsantre sou to swisid ki te wo yon fason inegal pami veteran militè ak pèsònèl an inifòm yo, tankou fòs de lòd, ponpye, travayè sèvis medikal ijans, ajan penitansye, ak operatè 911 yo. Kòm yon pati nan efò kontinyèl Gouvènè Kathy Hochul pou sipòte bezwen veteran ak pèsònèl an inifòm yo konsènan sante mantal, konferans lan te prezante konferansye ki gen repitasyon nasyonal, ekspè nan domèn nan, fòmasyon ak atelye ki gen rapò ak enpak estrès ak chòk ki asosye ak pwofesyon sa yo.

OMH jere tou [Liy Asistans 988 la kont Swisid ak Kriz \(Suicide & Crisis Lifeline\)](#), ki konekte Nouyòkè yo ak konseye kriz ki resevwa fòmasyon 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7, ki ka ede nenpòt moun k ap panse ak swisid, k ap lite ak konsomasyon sibstans, k ap fè fas ak yon kriz sante mantal, oswa nenpòt lòt kalite detrès emosyonèl. Nouyòkè yo ka rele tou, voye mesaj tèks oswa tchat nan 988 si yo enkyete pou yon moun oswa kwè li ka bezwen sipò nan ka yon kriz.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)